

# Tansyon Ou: Tcheke • Konnen • Pataje

Tansyon manman se yon endikatè ki enpòtan nan gwo sès ak apre tibebe a fin fèt. Tansyon pandan gwo sès la detèmine fason yo jere gwo sès ou, enfòme lè akouchman an ta dwe fèt, epi bay siyal sou risk ak konplikasyon ki posib pou manman ak tibebe a, tankou pre-eklanpsi ak Sendwòm HELLP, pandan gwo sès la ak touswit apre sa.

## TCHEKE Tansyon Ou Lakay

Fè tès la omwen 2 fwa pa jou: yon fwa nan maten ak yon fwa nan aswè. Anrejistre tout rezulta yo.

## Anvan Ou Pran Tansyon Ou

ale nan saldeben an



chita dousman pandan 3-5 minit



Nan 30 minit

PA



fimen

manje


pran medikaman

pran kafeyin

egzésis

## Pran Tansyon Ou

- Chita avèk bra ou apiye nan menm nivo ak kè w, mete bra goch la san rad kouvri l atravè manch lan anlè koud ou.
- Pa kwazye pye w epi kite pye w dirèk atè a.
- Sere manch lan alantou bra w epi fikse attach Velcro a.
- Peze START (Kòmanse). Manch lan ap gonfle, sere bra w apresa l ap degonfle. Respire nòmalman, pa pale, pa bouje epi detann ou.
- Anrejistre nimewo ou yo de fwa pa jou



## KONNEN Tansyon Ou

Tansyon Sistolik (nonb siperyè)		Tansyon Dyastolik (nonb enferyè)	
Mwens pase 140	ak	Mwens pase 90	Nòmal
140 a 159	oswa	90 a 109	Rele founisè swen sante w
160 oswa pi wo	oswa	110 oswa pi wo	Chèche swen medikal touswit

## PATAJE Tansyon Ou

- Pale sou eta tansyon ou nan tout randevou prenatal ak apre akouchman yo.
- Aji touswit dapre nimewo zòn jòn ak wouj yo. Pa tann yon randevou ki pwograme.



# The Cuff Kit

## **Enstriksyon ak Rejis sou Tansyon**

## **Non Ou:**

Fè tès la 2 fwa pa jou: yon fwa nan maten ak yon fwa nan aswè oswa jan founisè swen sante w la rekòmande sa. Anrejistre tout rezulta yo anba.

**Kijan pou Jwenn Èd (anrejistre enfòmasyon kontak lokal yo isit la)**

Gen fòmilè vid, yon video enstriksyon ak lòt resous ki disponib sou [www.preeclampsia.org/blood-pressure](http://www.preeclampsia.org/blood-pressure).

**EGZANPSYON RESPONSABILITE SOU SANTE:** Pwogram sa a, materyèl ak sèvis ki asosye ak pwogram la pa reprezante konsèy medikal, dyagnostik oswa tretman. Kalite yon tès lakay depann de metòd ak ekipman an. Toujou pale ak founisè swen sante w la pou dyagnostik ak tretman, sa gen ladan bezwen medikal patikilye w yo. Si ou genyen oswa sispèk ou genyen yon pwoblèm oswa yon pwoblèm medikal, kontakte yon pwofesyonèl swen sante kalifye touswit. Si ou Ozetazini epi ou gen yon ijans medikal, rele 911 oswa rele touswit pou jwenn èd medikal ann ijans.



[www.preeclampsia.org](http://www.preeclampsia.org)